



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE NOMINASYON NAN KONSÈY ADMINISTRASYON OTORITE ENÈJI LONG ISLAND LAN

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a nominasyon nan Konsèy Administrasyon Otorite Enèji Long Island (Long Island Power Authority, LIPA) lan.

"Mwen fyè pou m anonse dènye nominasyon yo nan Konsèy Administrasyon Otorite Enèji Long Island lan, yon gwoup ke mwen gen konfyans ki pral pote konesans ak ekspètiz inik nan Konsèy la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "LIPA ap jwe yon wòl enpòtan nan fè avanse yon rezo elektrik pwòp, fyab ak abòdab pou moun Long Island yo epi nominasyon sa yo pral ede transfòme fason nou alimante New York pou jenerasyon k ap vini yo. Nou rekonesan anvè manm sòtan nan konsèy la pou sèvis yo."

Nominasyon Gouvènè a repati konsa a:

Tracey Edwards nonmen kòm Prezidan Konsèy LIPA. Edwards se yon Vis Prezidan Prensipal ak Ofisyè Responsablite Sosyal Antrepriz New York nan Las Vegas Sands Corporation. An menm tan, Edwards se yon Konsiltan nan Tracey Edwards Consulting Resources, yon Direktè Jeneral nan Gwou Planifikasyon ak Solisyon nan kad Sekirite Transpò (Transportation Safety Planning and Solutions Group, TSPSG), ak yon Direktè Rejyonal nan NAACP Long Island lan. Anvan sa, Edwards te yon Komisè pou Komisyon Sèvis Piblik New York la nan Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service, DPS) Eta New York la ant 2019 a 2023.

David "Dave" J. Manning se Direktè Relasyon ak Pati Konsène ak Afè Ekstèn pou Brookhaven National Laboratory, yon pozisyon yo te kòmanse an 2015. Anvan Brookhaven National Laboratory, Manning te yon Reprezantan Etazini pou Gouvènman Alberta, Kanada soti 2013 rive 2014 ak Direktè Egzekitif Konsòsyòm Rezo Entelijan Eta New York (New York State Smart Grid Consortium) la soti 2011 rive 2023. Manning te jwenn yon B.A./LLB nan Dwa nan University of Alberta.

Claudia P. Lovas se yon Avoka Direktris ak Claudia P. Lovas & Associates nan American Family Insurance, yon pozisyon yo te kòmanse an 2021. Anvan sa, Lovas te yon Avoka Direktris Rejyonal ak Kabinè Avoka Lovas & Naqvi nan GuideOne Insurance Company soti 2010 pou rive 2021. Lovas te yon Asosye nan L'Abbate, Balkan, Colavita & Contini L.L.P. soti 2008 pou rive 2010. Soti nan 2003 rive 2007, Lovas te yon Asosye

nan Zawacki, Everett ak Gray. Lovas te yon Asosye nan GE Financial Assurance soti nan 2001 pou rive 2003. Soti 2000 rive 2001, Lovas te yon Asosye nan Brand, Brand ak Burke. Anvan sa, Lovas te yon ko-fondatè Kabinè Avoka Lovas ak Hartman.

Tracey Edwards, Prezidan Konsèy LIPA te deklare, "Mwen onore paske yo nonmen mwen Prezidan Konsèy LIPA epi pou kontinye sèvi Nouyòkè yo pandan n ap tranzisyon nan yon rezo enèji renouvlab. Mwen pa ka tann travay sere ak tout Manm Konsèy Administrasyon an pou asire tout rezidan Long Island yo benefisye angajman Eta a pou konstwi yon avni enèji pwòp."

Laureen Harris ak Sheldon L. Cohen pral kontinye sèvi nan Konsèy la.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)